

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1. Kacindekan

Sipat basa anu arbitrér téh di antarana ngabalukarkeun ayana wangun basa anu sarua, tapi miboga harti anu béda (homonim). Homonim antara dua basa nyababkeun dwibasawan pacorok dina maké basa (interférénsi). Ari pacorokna maké basa téh bisa ngaruksak kana fungsi basa salaku lambang kareueus jeung idéntitas panyaturna, pikeun ngungkulan éta masalah perlu diayakeun *pembinaan basa*, hususna *pembinaan* ngeunaan kecap sangaran (homonim). Hasil panalungtikan kecap sangaran BS-BWI bisa dijadikeun bahan pikeun *pembinaan* BS jeung BWI.

Kandaga kecap sangaran (homonim) antara BS jeung BWI anu mibanda babandingan harti atawa ma'na kecapna nu aya patula-patalina dina éta dua basa téh dipasing-pasing dumasar kana kategorina (warna kecapna), struktur morfologisna (wangun kecapna) rélasi semantisna (korélasi ma'na jeung pamarekan hartina). Ku kituna, tiori babandingan warna kecap, wangun kecap, homonimi, sarta interférénsi jeung integrasi antara BS jeung BWI dipedar dina tatapakan tiori.

Warna kecap antara BS jeung BWI téh umumna mah sarua, warana kecap anu dipaké ngontraskeun kecap sangaran (homonim) BS – BWI téh nya éta (1)

kecap barang {N}, (2) kecap pagawéan {V}, (3) kecap sipat {Adj}, (4) kecap bilangan {Num} jeung (5) kecap partikel {P}.

Ditilik tina jumlah abjad antara BS jeung BWI ogé sacara umumna mah sarua. Éjahan nu béda antara BS jeung BWI aya dina vokal, konsonan jeung gabungan konsonan. Vokal /*ɛ*/ anu dina BS mah ditulis *é* (maké curek), dina BWI mah ditulis ku ortografis *e* (teu maké curek). Dina BS aya vokal /*Ö*/ nu ditulis ku ortografis *eu*, dina BWI mah euweuh. Gabungan konsonan BS aya dua, nya éta *ng* jeung *ny*. Ari gabungan konsonan BWI aya genep, nya éta *dh*, *kh*, *ng*, *ny*, *sy* jeung *th*.

Interférénsi mangrupa hal anu teu perlu kajadian, sabab sabenerna mah dina basa nu digunakeun geus aya kecap anu merenah pikeun ngébréhkeun harti tina kecap anu diinterférénsi. Ari integrasi mangrupa hal anu diperlukeun, sabab dina basa anu digunakeun can aya kecap anu merenah pikeun ngébréhkeun harti istilah anu digunakeun.

Dumasar kana warnana, variasi kecap sangaran (homonim) BS – BWI téh aya anu sarua jeung aya anu béda. Variasi warna homonim BS – BWI anu sarua panglobana téh nya éta adjéktiva – adjéktiva (aya 38/24,83 %), dituturkeun ku nomina – nomina (aya 22/14,39 %), vérba – vérba (aya 18/11,76 %), jeung partikel – partikel (aya 16/10,46 %). Variasi warna kecap anu béda panglobana téh nya éta adjéktiva – vérba (aya 11/7,19 %), dituturkeun ku adjéktiva – nomina (aya 7/4,58 %), vérba – adjéktiva (aya 7/4,58 %), vérba – nomina (aya 6/3,93 %), adjéktiva – partikel (aya 6/3,93 %), partikel – adjéktiva (aya 5/3,26 %), partikel – vérba (aya 5/3,26 %), partikel – nomina (aya 4/2,62 %), nomina – vérba (aya

3/1,96 %), nomina – adjéktiva (aya 2/1,30 %), vérba – partikel (aya 2/1,30 %), jeung vérba – numeral (aya 1/0,65 %). Variasi kecap anu panglobana téh nya éta variasi warna kecap nomina, vérba, jeung adjéktiva.

Jumlah panglobana wangun homonim BS – BWI nya éta anu asal – asal (aya 149/97,40 %), dituturkeun ku asal –rundayan (2/1,30 %) jeung rundayan – rundayan (2/1,30 %). Pangna wangun kecap anu panglobana téh asal – asal disababkeun ku sumber data utamana, nya éta wangun léksikal. Salian ti éta, bisa jadi mindeng ngagambarkeun kanyataan anu sabenerna.

Dumasar kana korélasi ma'na antar kekecapanana, jumlah panglobana kecap sangaran (homonim) BS – BWI nya éta kecap anu teu aya korélasi ma'na antar kekecapanana, nya éta aya 117 (76,47 %), dituturkeun ku anu miboga korélasi ma'na antar kekecapanana aya 36 (23,53 %).

Jumlah panglobana data homonim BS – BWI dumasar kana pamarekan hartina, nya éta anu pajauh/paanggang aya 134 (87,58 %), dituturkeun ku anu padeukeut pamarekan hartina, nya éta aya 19 (12,42 %).

## 5.2. Saran

Pacorokna dwibasawan BS-BWI dina ngagunakeun kecap sangaran (homonim) BS-BWI téh diantarana disababkeun ku ayana anggapan atawa kateunyahoan dwibasawan kana ayana kecap-kecap anu merenah pikeun ngébréhkeun harti kecap sangaran (homonim) boh dina Basa Sunda boh dina Basa Wewengkon Indramayu. Ku sabab kitu, palanggeran maké kecap sangaran (homonim) BS-BWI téh perlu ditepikeun dina *pembinaan* BS jeung BWI.

*Pembinaan* téh kuduna mah ditepikeun ku lembaga anu aya pakaitna jeung *pembinaan basa*, di antarana nya éta Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Depdiknas, Balai Bahasa, lembaga anu ngayakeun penataran-penataran basa pikeun guru, Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah FPBS Universitas Pendidikan Indonesia, Jurusan Basa Sunda Universitas Padjajaran, jeung sakola-sakola (utamana di SMP jeung SMA). Hal ieu pikeun ngahontal mekarna jeung kamumian basa nu tumuwuh di wewengkonna séwang-séwang. Sakumaha nu diébréhkeun dina Perda No. 5 Taun 2003 ayat 1 ngeunaan “*Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah*” nya éta basa daérah nu aya di tataran Jawa Barat téh nya éta basa Sunda (basa lulugu), basa Cirebon/Indramayu, jeung Melayu Betawi.

Pikeun anu rék nuluykeun ieu panalungtikan, aya hadéna lamun masalahna ditilik tina jihat tataran basa anu béda.

